



Pou Piblikasyon Imedya: 09/05/2025

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL SIYEN LEJISLASYON POU AMELYORE SWEN SANTE MANTAL AK RANFÒSE TRETMAN POU MALADI MANTAL GRAV NAN KAD BIDJÈ ANE FISKAL 2026 LA

Bidjè a investi plis pase 196 milyon dola pou ranfòse swen sante mantal atravè tout eta a

Ranfòse Lwa sou Angajman Envolontè Nouyòk la ak Lwa Kendra a

160 milyon dola pou kreye 100 nouvo kabann mediko-legal nan lopital psikyatrik

Finansman an baze sou plan 1 milya dola lidè nasyonal Gouvènè Hochul la pou transfòme sistèm swen sante mantal la

Gouvènè Kathy Hochul te siyen jodi a nouvo lejislasyon nan kad bidjè ane fiskal 2026 la pou fè gwo investisman nan sante mantal pou Nouyòkè yo. Apati investisman ki soti nan plan 1 milya dola sou plizyè ane li a pou ranfòse sistèm swen sante mantal Eta a, bidjè ane fiskal 2026 ki apwouve a investi plis pase 196 milyon dola ladan l, sa gen ladan 160 milyon dola pou ajoute 100 nouvo kabann sikyatrik pou pasyan entènè nan Wards Island nan Vil Nouyòk.

"Pandan twò lontan, sante mantal te neglije epi estigmatize — men lè mwen te antre an fonksyon, mwen te di sa fini." **Gouvènè Hochul te deklare.** "Bidjè ane sa a baze sou investisman 1 milya dola nou te fè nan sante mantal epi li asire Nouyòkè ki gen maladi mantal resevwa swen yo bezwen ak merite."

Bidjè ane fiskal 2026 la gen ladan nouvo investisman istorik pou ranfòse swen sante mantal ki enkli:

- Nouvo lejislasyon pou ranfòse lwa sou angajman envolontè Nouyòk ak Lwa Kendra a, pou livre swen ak konpasyon pou sila yo ki plis bezwen li.
- 16.5 milyon dola pou ranfòse aplikasyon Pwogram Tretman Asiste pou Pasyan Ekstèn oswa AOT nan nivo konte, anplis 2 milyon dola pou Biwo Sante Mantal (Office of Mental Health) Eta pou ajoute anplwaye ki responsab pou siveyans AOT.
- 8 milyon dola pou etabli jiska senk nouvo klèb ak kat Espas Sekirize pou Jèn yo.

- 1.5 milyon dola pou elaji Premye Sekou nan Sante Mantal pou elèv lekòl segondè yo
- 2 milyon dola nan investisman pou kreye yon pwogram 'kamarad kòm sipò' (peer bridger) ki baze nan lopital epi elaji Ekip Angajman Entansif ak Kontinyèl yo.
- 1.4 milyon dola pou OMH ajoute medsin lari ak psikyatri lari nan Ekip Sipò pou Opsyon Sekirite yo.
- Ranfòse sistèm swen sante mantal la gras ak yon investisman 160 milyon dola pou kreye 100 nouvo kabann mediko-legal nan lopital sikyatrik nan Vil Nouyòk.
- 25 milyon dola pou kontinye ranfòse aksyon pou rive atenn Nouyòkè ki sanabri nan metwo yo, atravè kreyasyon "sant koneksyon" nan estasyon tren yo epi amelyorasyon sèvis nanabri espesyalize yo rele "Sant Akèy".

Sipòte Moun ki gen Maladi Mantal Grav

Angajman Envolontè

Bidjè a ajoute yon langaj nan lwa Nouyòk sou angajman envolontè pou defini 'posibilite pou sa lakòz gwo domaj' kòm yon moun ki gen gwo risk pou sibi domaj fizik paske maladi mantal li an fè li pa kapab oswa li pa vle satisfè bezwen esansyèl li yo, tankou manje, rad, swen medikal ki nesèsè, sekirite pèsonèl, oswaabri. Chanjman sa a konble vid ki te genyen nan estanda ki deja la, epi li mete Nouyòk an amoni ak 43 lòt eta ki gen estanda menm jan.

Tretman Asiste pou Pasyan Ekstèn (Lwa Kendra)

Bidjè a bay 16.5 milyon dola pou amelyore aplikasyon pwogram Tretman Asiste pou Pasyan Ekstèn oswa 'AOT' nan nivo konte, epi 2 milyon dola pou Biwo Sante Mantal Eta a ajoute anplwaye dedye pou siveye AOT, amelyore fòmasyon atravè tout eta a, epi bay plis sipò pou konte ak founisè yo.

Bidjè a modifiye tou lwa AOT la (yo rele li "Lwa Kendra") pou pèmèt yo depoze nouvo petisyon nan sis mwa apre yon lòd ekspire, nan ka kote yon moun dekonekte ak swen epi li fè eksperyans sentòm sante mantal ki anpeche li swiv tretman, oswa ki mennen nan tretman ijans, entèn lopital, oswa prizon.

100 nouvo kabann mediko-legal pou pasyan entèn nan lopital psikyatrik

Bidjè a ajoute 100 kabann mediko-legal pou ede moun ki enplike nan sistèm jistis la reprann konpetans pou parèt devan tribinal nan vil Nouyòk. Sa a konplete efò Gouvènè Hochul pou elaji kapasite kabann sikyatrik atravè tout Eta Nouyòk. Depi Gouvènè Hochul te antre an fonksyon, Eta Nouyòk te ajoute 875 kabann sikyatrik, ki gen ladan 550 yo te remete an sèvis nan lopital kominotè, e 325 nan sant sikyatrik leta yo, sa ki make pi gwo ekspansyon an nan enstalasyon sa yo depi plizyè ane. Anplis de sa, Eta a finanse 109 nouvo kabann kounye a ki an devlopman nan lopital kominotè e l ap prepare pou bati yon nouvo inite ki gen 75 kabann pou ede moun retounen lakay nan Sant Sikyatrik Creedmoor nan Queens.

Kontinye Lite kont Sitiyasyon Sanzabri

Pou ranfòse kontak ak Nouyòkè ki san kay, sitou moun ki sèvi ak sistèm tren anba tè a, Eta a pral mete kanpe jiska senk sant akèy nan estasyon tren anba tè pou ede moun ki san kay yo kite platfòm estasyon yo e mennen yo nan espas kote yo ka evalye bezwen yo e yo ka jwenn aksè ak plis resous ak swen. Nan kote sa yo, yo pral rele "Sant Koneksyon", travayè pou sansibilizasyon yo, ki gen ladan ekip Sipò Opsyon Sekirite Eta a, pral kapab kontinye angajman yo ak Nouyòkè ki san kay, ki pral bati konfyans ki pral ankouraje yo aksepte sèvis, e ede yo gen aksè ak sipò yo bezwen pou jwenn establite, ki gen ladan jwenn kote nanabri espesyalize pou pase nwit. Anplis de sa, Eta a ap kontinye kolabore ak patnè nan nivo vil la, ap fè investisman ki pral ogmante kapasite ak resous nanabri NYC DHS ki egziste deja e ki espesyalize yo, tankou "Sant Akèy", ki fèt pou sèvi Nouyòkè ki san kay, sitou moun k ap kite sistèm metwo a.

Kreye Opòtinite pou Kwasans ak Rekiperasyon

Nouvo Klèb ak Espas ki an Sekirite pou Jèn yo

Bidjè a bay 8 milyon dola pou etabli jiska senk nouvo klèb ak kat Espas ki an Sekirite pou Jèn yo. Klèb yo se pwogram manm yo dirije ki bay moun ki gen gwo pwoblèm sante mantal aksè ak sipò sosyal, fòmasyon sou konpetans lavi, resous pou travay ak yon sans kominote, e Espas Sekirite yo bay yon kote pou jèn yo pou jwenn aksè ak resous byennèt sante konpòtmantal, ankouraje bon relasyon ak kanmarad yo e resevwa sipò nan yon anviwònman konfòtab.

Medsin Lari ak Sikyatri Lari nan Ekip SOS yo

Bidjè a gen ladan 1.4 milyon dola pou OMH pou ajoute medsin lari ak sikyatri lari nan ekip Sipò Opsyon Sekirite yo, pou yo ka bay swen medikal ak sikyatrik imedyat bay moun ki san kay. Avèk 28 ekip ki genyen nan Eta a, pwogram SOS lan te ede kounye a [ede abrite 1,000 moun yon fason pèmanan](#), ki gen ladan 147 nan lojman ki gen lisans OMH.

Premye Sekou nan Sante Mantal pou Adolessan

Bidjè a gen ladan 1.5 milyon dola pou elaji pwogram Premye Sekou nan Sante Mantal pou Adolessan pou elèv lekòl segondè, pou fòme adolessan ak adilt k ap travay ak adolessan pou yo ka idantifye, konprann e reyaji devan siy defi sante mantal ak itilizasyon sibstans.

Elaji Aksè ak Sèvis Sipò pou Kamarad

Bidjè a envesti yon lòt 2 milyon dola nan kreye yon pwogram nan lopital ak 'kamarad kòm sipò' pou ede moun k ap fè tranzisyon pou kite swen nan lopital kòm pasyan entèn pou retounen nan kominote a epi elaji Ekip Angajman Entansif ak Kontinyèl (Intensive and Sustained Engagement Teams, INSET) pou kamarad ka bay sipò bay moun pandan y ap refè epi ede moun k ap resevwa sèvis yo jere gwo tranzisyon nan swen.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)